# Gid pou Reprezantan Twazyèm Pati (TPR) nan CONNECT

# 1. TAB MATYÈ YO

**1. Tab Matyè yo .......... 2**

**2. Entwodiksyon .......... 3**

*2.1 Apèsi sou sistèm CONNECT .......... 3*

*2.1.1 Ki sa CONNECT ye? .......... 3*

*2.1.2 Ki sa ki yon TPR ye? .......... 3*

*2.1.3 Ki kote mwen ka jwenn aksè nan CONNECT? .......... 3*

**3. Aksede paj Koneksyon TPR a .......... 4**

*3.1 R Kreye yon Kont TPR .......... 4*

*3.1.1 Konfigire modpas ou .......... 7*

*3.1.2 Chanje Modpas ou .......... 8*

*3.2 Konekte nan kont TPR ou .......... 9*

*3.3 Navige paj dakèy TPR la .......... 10*

*3.3.1 Mentni adrès TPR ou .......... 10*

*3.3.2 Aksde bwat resepsyon TPR la .......... 11*

*3.3.3 Chèche Enfòmasyon sou Reklaman an .......... 12*

# 2. ENTWODIKSYON

Dokiman sa a se yon referans pou ede Reprezantan Twazyèm Pati yo (TPR)navige fonksyon sistèm pou itilize sistèm CONNECT pou yo ka jwenn aksè nan enfòmasyon Reklaman ki gen rapò ak Pwogram Asistans Reyanplwa Depatman Opòtinite Ekonomik (DEO) Florida (RAP).

## 2.1 Apèsi sou sistèm CONNECT

Objektif Apèsi Sistèm nan se pou founi yon apèsi wo nivo nan sistèm CONNECT. Lap kouvri aplikasyon ak karakteristik CONNECT, itilizatè CONNECT yo, fason pou jwenn aksè nan CONNECT, ak fason CONNECT benefisye reklaman yo.

### 2.1.1 Ki sa CONNECT ye?

CONNECT se yon sistèm jesyon pou reklamasyon ke reklaman yo itilize pou aplike pou benefis. Reklaman yo, anplwayè yo ak twazyèm pati yo ka jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak reklamasyon yo, ak kominike avèk Anplwaye DEO yo atravè CONNECT.

### 2.1.2 Ki sa ki yon TPR ye?

Yon TPR se yon antite ki fè aktivite pwogram asistans reyanplwa sou non yon reklaman. Si w satisfè definisyon yon TPR, ou dwe anrejistre kòm yon TPR avèk DEO. Yon fwa w fin anrejistre, yon reklaman dwe akòde w aksè nan fonksyon espesifik CONNECT ou responsab la. Reklaman yo ka fè sa sou entènèt atravè pwòp kont yo.

### 2.1.3 Ki kote mwen ka jwenn aksè nan CONNECT?

CONNECT se yon sistèm ki baze sou Entènèt, sa vle di nenpòt moun ki gen entènèt ak idantifikasyon itilizatè ka jwenn aksè nan CONNECT. TPR yo ka jwenn aksè nan CONNECT lè yo tape oswa kopye lyen sa a nan yon espas adrès navigatè yo: https://connect.myflorida.com/Representative/Core/Login.ASPX. Ou ka jwenn aksè nan CONNECT tou sou sit wèb DEO: http://www.floridajobs.org.

Itilizatè yo dwe kreye yon idantifikasyon itilizatè (ID) ak modpas pou yo antre nan CONNECT. Etap pou kreye yon kont TPR kouvri nan Seksyon 3.1., 'Kreye yon kont TPR.'

# 3. AKSEDE PAJ KONEKSYON TPR A

Nan seksyon sa a, nou pral revize etap pou jwenn aksè nan Paj koneksyon pou TPR yo sou CONNECT epi konfigire ak mentni yon kont TPR.

## 3.1 R Kreye yon Kont TPR

Pou kreye yon Kont TPR, swiv etap ki anba yo.

1. Antre adrès entènèt CONNECT la nan espas adrès navigatè w la.
2. Chwazi lyen 'Anrejistreman TPR' ki nan meni sou bò goch ekran koneksyon TPR la.




3. Antre enfòmasyon itilizatè yo mande yo.
   a. Prenon.
   b. Siyati.
   c. Non biznis lan (si sa aplikab).
4. Antre enfòmasyon adrès.
   a. Antre non moun ki nan adrès ou a ki ta dwe resevwa korespondans ki gen rapò ak aktivite TPR la ak pwogram benefis asistans reyanplwa a.
   b. Antre adrès ou, enkli nimewo apatman an oswa nimewo pòt la.
   c. Antre vil ou rete a.
   d. Chwazi eta wap viv la nan meni dewoulan an.
   e. Chwazi peyi wap viv la nan meni ki dewoulan an.
5. Antre nimewo telefòn ou, enkli ekstansyon an si w genyen youn.
6. Antre nimewo faks ou si w genyen youn.
7. Antre adrès imèl ou.
8. Chwazi bouton ki pou endike metòd korespondans ou prefere a.
9. Chwazi “Swivan”.

Tanpri sonje si w chwazi 'Lapòs U.S.' wap toujou kapab jwenn aksè a vèsyon elektwonik tout dokiman yo voye ba ou yo nan Bwat Resepsyon TPR w la nan sistèm CONNECT. Nou pral kouvri kijan pou jwenn aksè nan Bwat Resepsyon TPR a nan Seksyon 4.0, 'Navige Paj Dakèy' TPR la.'




10. Chwazi adrès konvenab la nan posibilite ki korèsponn yo.
11. Si pa gen okenn adrès ki korèsponn ak adrès ou a, chwazi bouton ki a kote adrès ou a nan seksyon 'Itilize Adrès ki te Antre a' pou w ka itilize adrès ou te antre a.'
12. Chwazi 'Swivan.'



13. Si pa gen okenn chanjman, chwazi 'Soumèt.'
14. Si wap bezwen fè yon chanjman nan enfòmasyon an, chwazi 'Anvan' pou ka retounen annaryè

> Tanpri pa sèvi ak bouton retounen an ki sou navigatè w la – sa ap lakòz paj la rafrechi epi w ap pèdi tout enfòmasyon ou pa soumèt.


Konekte

TPR Registration

**Confirm TPR Registration**

Review the following information. Select the Previous button to make any updates.

If no changes are required, choose the Submit button.

Print this page for your records.

**User Information**

| | |
|---|---|
| First Name: | Test |
| Last Name: | Tester |
| Business Name: | Testing Incorporated |
| Attention: | |
| Address Line 1: | 1901 N Monroe St |
| Address Line 2: | |
| City: | Tallahassee |
| State: | FL |
| ZipCode: | 32304 |
| Phone: | 8002042418 |
| Fax: | |
| Email: | test@mailinator.com |
| Correspondence Preference: | Electronic |

Previous Submit 13

15. Apre w fin chwazi 'Soumèt,' wap resevwa yon konfimasyon ki fè w konnen ke kont ou a fin konplete epi w anrejistre kòm yon TPR nan CONNECT.

> Tanpri asire ke w konsève Enfòmasyon pou w Konekte a - wap bezwen l pou w konekte nan CONNECT premye fwa wap w antre a pou w konfigire modpas ou!


Konekte

TPR Registration

**TPR ID**

You have successfully registered as a Third Party Representative.

Provide your TPR ID to the claimants you represent to gain access to your assigned functions.

TPR ID: 001400926

**Login Information**

User ID: testee0041
Password: 59992Nrn

15 **Activation Complete**

You have successfully initiated your online, self-service account.

Click the Login button to create your permanent password and to gain access to your online account.

Login

### 3.1.1 Konfigire modpas ou

Pou konfigire modpas ou, swiv etap sa yo ki anba a.

1. Nan ekran konfimasyon pou aktive kont lan, chwazi 'Konekte' pou konfigire modpas ou.

> Tanpri sonje ke ou ka jwenn aksè nan Paj Koneksyon TPR a tou lè w antre adrès entènèt CONNECT la nan espas pou adrès entènèt la.



Konekte

TPR Registration

**TPR ID**

You have successfully registered as a Third Party Representative.

Provide your TPR ID to the claimants you represent to gain access to your assigned functions.

TPR ID: **001400926**

**Login Information**

User ID: **testee0041**

Password: **59992Nrn**

**Activation Complete**

You have successfully initiated your online, self-service account.

Click the Login button to create your permanent password and to gain access to your online account.

1 Login

2. Antre ID itilizatè ak modpas ou.
3. Chwazi 'Konekte'.



Konekte — * Endike Chan Obligatwa

TPR Registration

**Divizyon nan Florid ki Pwogram Asistans Reemployment: Twazyèm Kont Reprezantan Pati (TPR) Login**

Byenvini sou CONNECT, Sistèm Entènèt Florida pou Asistans Reyanbochaj.

REMAK: Aktyèlman, sistèm CONNECT pa sipòte tablèt, telefòn, ak lòt aparèy mobil epi sa ka antrene yon èrè. Navigatè sistèm nan sipòte se - Microsoft Edge, Chrome, Mozilla Firefox, oswa Apple Safari.

Pou jwenn aksè nan Twazyèm Pati Reprezantan (TPR) enfòmasyon sou kont, antre itilizatè ou Non ak yon Modpas. Pou rezon ki otantifikasyon, lè l sèvi avèk modpas ou se konsidere kòm menm bagay la tou kòm lè l sèvi avèk siyati w.

2 User ID: testee0041 *

Modpas: •••••••••••• *

3 Login | Ou Bliye Modpas Ou

Kont ou ap bloke apre 3 tantativ. Si w gen pwoblèm pou konekte, chwazi bouton "Bliye PIN" pou Reyajiste PIN ou.

**Representative Home**

TPR Registration

For Representatives/TPR Only: Create a new account to obtain a Third Party Representative (TPR) Identification number.

4. Chwazi 'Direktiv pou Modpas' pou w ka revize direktiv yo pou konfigire modpas ou.
5. Antre nouvo modpas la, epi re-antre modpas la nan lòt espas la.
6. Chwazi Kesyon Sekirite ak repons ou yo.
    a. Antre premye Kesyon Sekirite w la.
    b. Antre repons pou premye Kesyon Sekirite w la.
    c. Chwazi dezyèm Kesyon Sekirite w la.
    d. Antre repons pou dezyèm Kesyon Sekirite w la.
    e. Antre twazyèm Kesyon Sekirite w la.
    f. Antre repons pou twazyèm Kesyon Sekirite w la.
7. Antre yon kòd PIN ki gen 4 chif.
8. Select ‘Save.’ Chwazi "Konsève"




## 3.1.2 Chanje Modpas ou

Pou chanje modpas ou, swiv etap ki anba yo:

1. Nan Paj Dakèy TPR a, chwazi 'Chanje Modpas.'



2. Antre nouvo modpas ou a.
3. Re-antre nouvo modpas ou a.
4. Si w chwazi, mete ajou kesyon sekirite w yo ak repons yo.
5. Chwazi 'Konsève.'



- 4 chif Kòd PIN: 4 Kòd gen chif PIN se yon antre 4 chif nimerik yo chwazi ou. PIN a se yon lòt "Itilizatè" diplòm kote ou kreye (d) pandan modpas la pèmanan fè fè a. Sa a se enfòmasyon yo mande yo pou Otantifikasyon rezon lè itilizatè a endike yo te bliye modpas yo.
- Your security answer must not be blank and may not contain any special characters. Please use only the letters A through Z and the numbers 0 through 9.The length of the answer has to be between 3 and 35 characters.

**Reset Password**

Please choose a new password and other information by entering it in the fields below and clicking save. For additional information on password security, please refer to the modpas direktiv.

| | |
|---|---|
| 2 New Modpas: | •••••••••••• * |
| 3 Re-antre nan New Modpas: | •••••••••••• * |
| 4 Kesyon Sekirite 1: | What is your father's middle name? * |
| Repons Sekirite 1: | Matthew * |
| Kesyon Sekirite 2: | What was the name of the street you grew up on? * |
| Repons Sekirite 2: | Dover * |
| Kesyon Sekirite 3: | What was the name of your elementary school? * |
| Repons Sekirite 3: | Horizons * |
| Kòd PIN 4 Chif: | •••• * |

5 Save

## 3.2 Konekte nan kont TPR ou

Pou konekte nan yon Kont TPR, swiv etap ki anba yo.

1. Antre ID itilizatè w ak modpas ou
2. Chwazi 'Konekte'
3. Chwazi 'Bliye Modpas' si w pa sonje modpas ou.



Konekte | * Endike Chan Obligatwa

TPR Registration

**Divizyon nan Florid ki Pwogram Asistans Reemployment: Twazyèm Kont Reprezantan Pati (TPR) Login**

Byenvini sou CONNECT, Sistèm Entènèt Florida pou Asistans Reyanbochaj.

REMAK: Aktyèlman, sistèm CONNECT pa sipòte tablèt, telefòn, ak lòt aparèy mobil epi sa ka antrene yon èrè. Navigatè sistèm nan sipòte se - Microsoft Edge, Chrome, Mozilla Firefox, oswa Apple Safari.

Pou jwenn aksè nan Twazyèm Pati Reprezantan (TPR) enfòmasyon sou kont, antre itilizatè ou Non ak yon Modpas. Pou rezon ki otantifikasyon, lè l sèvi avèk modpas ou se konsidere kòm menm bagay la tou kòm lè l sèvi avèk siyati w.

| | |
|---|---|
| 1 User ID: | testee0041 * |
| Modpas: | •••••••••••• * |

2 Login | Ou Bliye Modpas Ou 3

Kont ou ap bloke apre 3 tantativ. Si w gen pwoblèm pou konekte, chwazi bouton "Bliye PIN" pou Reyajiste PIN ou.

Tanpri sonje ke kont ou a pral bloke apre 3 tantativ san siksè pou konekte nan sistèm CONNECT la.

## 3.3 Navige paj dakèy TPR la

Pou navige nan Paj Dakèy TPR la, swiv etap ki anba yo.

1. Chwazi 'Apèsi Avan Enprime' sou nenpòt ekran pou enprime enfòmasyon ki sou ekran an.
2. Chwazi 'Dekoneksyon' pou dekonekte soti sou kont ou an.
3. Chwazi 'Paj Reprezantan' an pou w retounen sou Paj Dakèy TPR la.
4. Chwazi 'Mentni Adrès TPR la' pou w ka mete ajou enfòmasyon adrès ou ak metòd korespondans ou prefere a.
5. Chwazi 'Bwat Resepsyon TPR' pou w ka gade korespondans oswa chèche enfòmasyon sou reklaman an.




### 3.3.1 Mentni adrès TPR ou

Pou mentni adrès TPR la, swiv etap ki anba yo.

1. Chwazi 'Mentni Adrès TPR' nan meni agòch la nan Paj DakèyTPR la.
2. Revize enfòmasyon adrès aktyèl ou yo.
3. Chwazi ipèlyen 'Mete Adrès la Ajou' pou mete adrès ou ajou.



4. Nan espas la, antre enfòmasyon adrès aktyèl ou a.
5. Antre nimewo telefòn ou
6. Antre nimewo faks ou.
7. Antre adrès imèl ou.
8. Chwazi metòd korespondans ou prefere a.
9. Chwazi 'Swivan.'




## 3.3.2 Aksde bwat resepsyon TPR la

Pou jwenn aksè nan Bwat Resepsyon TPR la, swiv etap ki anba yo.

1. Chwazi 'Bwat Resepsyon TPR la' nan meni agòch la nan Paj Dakèy TPR la.
2. Pou ka wè tout korespondans yo, chwazi 'Tout' nan meni dewoulan 'Sijè' a.
3. Chwazi 'Rechèch.'
4. Gade korespondans nan seksyon 'Rezilta rechèch yo'.



### 3.3.3 Chèche Enfòmasyon sou Reklaman an

Pou chèche enfòmasyon sou reklaman an, swiv etap ki anba yo.

1. Chwazi 'Bwat Reseption TPR la' nan meni agòch la nan Paj Dakèy TPR la.
2. Antre Siyati Reklaman an.
3. Antre Prenon Reklaman an.
4. Chwazi 'Rechèch.'

Tanpri sonje ke wap ka wè sèlman reklaman ki endike w kòm yon TPR.

